



## ÈSKE OU TE

Valè nèt yon pwopriyetè

# 45

plis pase yon lokatè.

- Federal Reserve

## KONSÈY LOJMAN HUD APWOUVE SE RESOUS OU KA FÈ KONFYANS.

N ap bay konsomatè jarèt pou yo ka fè bonjan desizyon sou lojman.

Konsèy lojman HUD apwouve yo ede plis pase yon milyon fwaye chak ane.



Menm si yo apwouve yon ajans konsèy lojman, sa pa vle di HUD bay yon garanti oswa andòsman ajans ki apwouve a oswa anplwaye li yo pou yon kliyan oswa nenpòt lòt ôganizasyon oswa moun. Lè yo apwouve li sa vle di ajans la genyen kalifikasyon epi li te respekte kondisyon HUD egzize yo.



# MOUN K AP ACHTE KAY IPOTÈK 101



OFFICE OF  
HOUSING COUNSELING  
[hud.gov/housingcounseling](http://hud.gov/housingcounseling)  
1-800-569-4287

# KI KOTE POU W KOMANSE

## KONPRANN IPOTÈK YO

## KIJAN NOU KA EDE

## KONSEYE LOJMAN NAN KAT KWEN PEYI A

### POZE KONSEYE LOJMAN OU A KESYON SOU

- ▶ Fason pou jwenn bon kredi ak orijinatè kredi a
- ▶ Konbyen ou kapab peye pou yon kay
- ▶ Dokiman ou pral bezwen
- ▶ Nòt kredi ou
- ▶ Konbyen depo garanti ou pral bezwen

### PWOCHEN ETAP YO

1. Prekalfikasyon oswa Pre-apwobasyon
2. Aplikasyon pou prè
3. Evalyasyon kay ou
4. Depo garanti
5. Finalizasyon

### ANN PALE SOU LI

- ▶ Diferan kalite ipotèk
- ▶ Konprann asistans ak depo garanti
- ▶ Fè planifikasyon ak bidjè
- ▶ Langaj ipotèk ou pral bezwen konnen
- ▶ Evite magouy nan pwoesisis pou achte kay



Yon etap kle nan chemen pou achte kay ou a se konprann pwoesisis ipotèk la. Pati sa a nan vwayaj la konplike epi bay anpil konfizyon an menm tan, men li pa oblige konsa. Ajans konsèy lojman HUD apwouve ou la pou ede ou navigate ak aprann bagay debaz yo, pou ou ka pran bonjan desizyon lè w ap chèche yon prè. Li pou enfòmasyon fondamantal sou pwoesisis ipotèk la.

Ipotèk ou se yon prè. Si ou pa gen lajan kach pou achte kay ou, ou pral bezwen prete li. Nan yon peryòd tan presiz, ou pral remèt lajan ou dwe a. Konvèrsasyon an pa fini la - gen diferan kalite ipotèk ak pretè. Pale ak ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou pou konprann pwoesisis la epi achte kay ou.

Premye etap ou se ale nan ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou a. Jwenn enfòmasyon enpòtan ou bezwen konnen avan ak apre ou achte kay ou a. Jwenn konsèy san paspouki sou ipotèk ou, evite yo sezi kay ou, pwoteje kredi ou, ak plis toujou.

Chemen pou achte kay ou a long, men ou pa bezwen mache poukont ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ipotèk yo oswa pou jwenn yon ajans konsèy lojman HUD apwouve, vizite [hud.gov/counselingcounseling](http://hud.gov/counselingcounseling) oswa rele 1-800-569-4287. Nou la pou ede w achte kay ou!